



Pou Piblikasyon Imedya: 24/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN PWOGRAM FÒMASYON SITWAYEN  
NAN SANTE PIBLIK GRATIS POU EDIKE EPI KAPASITE NOUYÒKÈ YO  
ANTANKE LIDÈ SANTE PIBLIK**

*Nan patenarya ak Cornell University, Fòmasyon anliy gratis nan preparasyon pou sante piblik pou Nouyòkè yo konstui yon rezo lidè sante piblik atravè eta a*

*Pwogram nan te premye anonse nan kad diskou Gouvènè Cuomo sou Sityasyon Eta a an 2021*

*Aprann plis sou kijan pou vin yon Sitwayen Lidè nan Sante Piblik Eta NY [Isit la](#)*

*Videyo apèsi Pwogram Fòmasyon Sitwayen nan Sante Piblik pou Eta NY la [Isit la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lansman yon Kou Fòmasyon Sitwayen nan Sante Piblik anliy pou Nouyòkè yo aprann konsènan preparasyon ak prevansyon ijans sante piblik nan men meyè ekspè sante piblik. Kou inovan sa, ke Depatman Sante Eta New York nan patenarya ak Cornell University ki sipòte pa State University of New York (State University of New York, SUNY), ap prepare epi ekipe Nouyòkè yo pou vin Sitwayen Lidè nan Sante Piblik Eta NY yo epi konstui yon rezo lidè sante kominotè ki enfòme atravè eta a. Patisipan yo ap aprann konsènan COVID-19, preparasyon ak repons pou ijans sante piblik, ak lòt pwoblèm sante piblik, pandan y ap genyen opinyon nan enfòmasyon ak resous k ap benefisye kominote yo. Plis enfòmasyon sou Pwogram Fòmasyon Sitwayen sou Sante Piblik la, ki enkli kijan pou enskri pou vin yon Sitwayen Lidè nan Sante Piblik Eta NY, disponib [isit la](#).

"Lè eta nou an te pran nan anbiskad COVID-19 la, Nouyòkè yo te leve nan okazyon an, te sipòte youn lòt epi te travay ansanm pou sispann pwopagasyon an," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Aprè sa, reyalite ak lasyans te jwe yon wòl enpòtan pou kenbe to enfeksyon ak ospitalizasyon yo ba atravè eta a. Pou vanse pou pi devan, li enpòtan pou nou ekipe ak zouti ak konesans nou bezwen pou pwoteje tèt nou, fanmi nou ak kominote nou yo pa sèlman kont COVID la, men tou kont lòt ijans sante piblik ki ka souleve alavni. Pwogram Fòmasyon Sitwayen sou Sante Piblik inovan an ap abilite Nouyòkè yo pou vin Lidè nan Sante Piblik nan konba pou defèt COVID la yon fwa pou tout epi ede nou konstui yon New York ki pi rezistan alavni."

Fòmasyon sa, ki devlope pa Pwogram Metriz nan Sante Piblik Cornell University epi ki livre atravè eCornell, se yon pwogram anliy an kat pati pou ekipe Nouyòkè yo ak ekspètiz ak zouti pou ede konstui epi sipòte inisyativ kominotè ki konsènen prevansyon, deteksyon ak entèvansyon nan ka ijans sante piblik. Lè fòmasyon an fini, patisipan y ap deziyen yo "Sitwayen Lidè Sante Piblik Eta NY" epi y ap enfòme yo sou kijan yo ka fè volontè pou sipòte operasyon sante piblik lokal yo - espesyalman pandan ijans yo - ak kijan pou yo jwenn, itilize epi pataje enfòmasyon ki verifye yo sou kesyon sante piblik yo apati de sous ki fyab.

Pwogram sa te premye anonse nan kad Pwopozisyon Eta a pou 2021 Gouvènè a. Pandan tout kriz COVID-19 la, yo te mande Nouyòkè yo fè pati pa yo pou konbat yon viris nan fason yo pa t janm fè anvan. Yo te bay chak moun yon kou entansif nan viwooloji, ki aprann lave men yo kòrèkteman, dezenfekte kay ak biznis yo, epi pran swen fanmi ak katye yo nan tout sekirite. Plizyè milye Nouyòkè te enskri epi yo te fòme yo pou yo retrase kontra, pou ede swiv epi diminye risk pwopagasyon viris la. Lè lòt eta yo te bezwen èd, Nouyòkè sa yo te reponn ak apèl la epi pote nouvo konpetans nan sante piblik yo bay rès peyi a. Nouvo fòmasyon sa ap ede Nouyòkè yo genyen zouti pou pwoteje tèt yo, fanmi yo ak lòt moun kont ijans sante alavni yo.

**Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te deklare,** "N ap mande Nouyòkè nan chak katye ak kominote nan eta a pou vin fòme tèt yo kòm Sitwayen Lidè nan Sante Piblik pou ede kominote yo prepare epi reponn ak pwoblèm sante piblik yo epi konstui konesans pou mobilize kont kriz aktyèl la ak pi devan".

**Prezidan Cornell University, Martha Pollack, Ph.D. te deklare,** "Cornell University, fyè pou fè patenarya ak Eta New York pou livre fòmasyon nan sante piblik sa pou edike moun atravè eta a pou enfòme epi sipòte fanmi yo ak kominote respektif yo. Nou remèsye Gouvènè Cuomo pou patenarya li nan lansman pwogram fòmasyon sa, ke nou konnen ap genyen yon enpak ki enpòtan sou lavi Nouyòkè atravè eta a".

**Chanselye SUNY an, Jim Malatras, te deklare,** "Nan chak etap kriz COVID sa, Nouyòkè yo te fè yon pa chak jou pou jwe yon wòl esansyèl nan ralanti pwopagasyon kowonaviris la epi kenbe kominote yo an sekirite. Epi byenke gen limyè nan fen tinèl la, pandemi an pa fini. Edikasyon kontini, vijilans ak lidèchip ap enpòtan nan mwa k ap vini yo. SUNY fyè pou fè patenarya ak Cornell University, epi pou prete ekspètiz ekspè sante piblik nou yo pou plis sitwayen ka vin Lidè nan Sante Piblik ki ame ak konesans pou dekouraje viris sa—ak tout lòt k ap vini yo".

**Rektè Cornell University, Michael Kotlikoff, V.M.D., Ph.D. te deklare,** "Pwogram sa se yon opòtinite inik pou fè edikatè Cornell yo aksesib pou tout Nouyòkè ki pèmèt yo aprann sou enfòmasyon sante piblik ki enpòtan ki ka ede pwoteje fanmi yo ak kominote yo kont COVID-19 la, fè pwomosyon epi sipòte sante ak byennèt yo, epi prepare pi byen pou ijans sante piblik alavni yo. Nou fyè pou fè patenarya ak Gouvènè Cuomo ak Eta New York pou fè pwogram enpòtan sa vin yon reyalyte e nou enpasyan pou wè siksè li".

**Rektè anchaj SUNY an F. Shadi Shahedipour-Sandvik, te deklare,** "Pwogram Fòmasyon Sitwayen nan Sante Piblik la ap abilite Nouyòkè yo pou fè sa nou fè pi byen—pwofite de okazyon an pou ede pwoteje youn lòt. E nan objektif sa, nou fyè pou prete ekspètiz pwofesyonèl sante piblik eksepsyonèl nou yo nan nivo rechèch ak fakilte SUNY yo, epi pou fè patenarya ak Cornell University nan opòtinite edikatif enpòtan sa".

**Dwayen Fakilte Medsin Veterinè nan Cornell University, Lorin D. Warnick, V.M.D., Ph.D., te deklare,** "Pandan tout pandemi sa, nou te depann de vwa syantifik ak ekspè sante piblik nou fè konfyans yo pou aprann sou viris la epi konbat li. Pwogram Fòmasyon Sitwayen sou Sante Piblik la ap disponib pou tout Nouyòkè, k ap pèmèt yo aprann de meyè edikatè Cornell yo epi vin lidè sante piblik pou pwòp kominote yo epi pi lwen. Nouvo pwogram inovan sa pa t ap posib san patenarya nou ak Eta New York, e mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l ap abilite Nouyòkè yo pou ede defèt COVID la yon fwa pou tout".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | [518.474.8418](tel:518.474.8418)

ANILE ENSKRIPSYON OU